



Homeland Security

Chè Pati Prenant

Jodiya se ak anpil fyète m ap mete ak kolèg mwen yo nan tout DHS pou anonse maniskri Plan Aksè Langaj pou Biwo DHS ak Ajans li yo. Maniskri plan sa yo dekri efò chak ajans ap fè pou bay moun konesans Angle yo limite (LEP an angle) bonjan aksè nan pwogram ak aktivite DHS yo dapre egzijans Executive Order 13166, Improving Access to Services for Persons with Limited English Proficiency (August 11, 2000) [Lòd Egzekitif 13166, Amelyorasyon Aksè Moun Angle yo Limite nan Sèvis (11 out 200)]ak Plan Aksè Langaj DHS la ki te soti premye fwa an fevriye 2012.

Nou envite w revize epi fè kòmantè sou maniskri plan yo avan yo final. Maniskri plan yo disponib sou sitwèb DHS la ki se www.dhs.gov/language-access. Ou ka voye kòmantè ekri pa imèl sou crcloutreach@dhs.gov avan 31 oktòb 2014. Epi tou nou envite w nan youn oswa plis nan rankont angajman pati prenant yo ki pral fèt pandan plizyè mwa ka p vini yo.

Pou site yon memo avoka jeneral Eric Holder, Plan Aksè Langaj DHS la esplike egzijans pou bay aksè langaj la gen de fonksyon: pou pa gen diskriminasyon ak pou gen bon jan gouvènans. Li eksplike " kit se yon ijans oswa zafè biznis woutin, siksè jefò gouvènman an pou kominike byen ak piblik la depann sou enfòmasyon ki egzat, a tan, ak enpòtan ki simaye epi disponib san diskriminasyon." Nou te mande Depatman Lajistis Ameriken Divizyon Dwa Sivil la pou ede nou revize maniskri plan Ajans yo.

Pou plis enfòmasyon sou maniskri Plan Aksè Langaj la ak opòtinite pou kontribye nan rankont pati prenant yo, tanpri kontakte crcloutreach@dhs.gov. Si w pa pale oswa ekri ann Angle, CRCL genyen entèprèt ak tradiktè epi epi yo ka pale ak ou nan nenpòt lang.

Megan H. Mack
Ofisye pou Dwa Sivil ak Libète Sivil